

## **BAB III**

### **MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN**

#### **3.1 Métode Panalungtikan**

Métode panalungtikan nya éta cara anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikanana (Arikunto, 2006: 160). Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta ékspérimén kalawan ngagunakeun pretest-posttest control group design, kalayan desainna saperyi ieu di handap.

#### **Disain ékspérimén**

Kelompok	Pratés	Variabel Terikat	Pascatés
Ékspérimén	$Y_1$	X	$Y_2$
Kontrol	$Y_1$	--	$Y_2$

(Sukardi, 2007: 185)

Keterangan :

$Y_1$  = pratés kelompok ékspérimén jeung kelompok kontrol

$Y_2$  = postés kelompok ékspérimén jeung kelompok kontrol

X = aya *treatment* ngagunakeun modél pangajaran *Cooperative Script*

- = teu narima *treatment* anu ngagunakeun modél *Cooperative Script*

#### **3.2 Téhnik Panalungtikan**

##### **3.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data**

Dina ngumpulkeun data dilaksanakeun sababaraha cara nya éta:

- Tés kamampuh ngaprésiasi sajak

Téhnik tés digunakeun pikeun ngumpulkeun data kamampuh ngaprésiasi sajak, nya éta hasil kamampuh ngaprésiasi sajak siswa kelas VIII anu diajar ngaprésiasi sajak ngagunakeun modél pangajaran *Cooperative Script* jeung nu teu ngagunakeun modél pangajaran *Cooperative Script*. Téhnik tés aya dua nya éta pratés jeung postés.

b) Obsérsasi

Téhnik observasi digunakeun pikeun ngumpulkeun data prosés diajar aprésiasi sajak ngagunakeun modél pangajaran *Cooperative Script* jeung teu ngagunakeun modél pangajaran *Cooperative Script*. Salila prosés panalungtikan lumangsung, panalungtik ngalakukeun obsérsasi ka kelompok kelas kontrol jeung kelompok kelas ékspérimén. Tujuan obsérsasi nya éta pikeun ningali jeung nyatet fénoména anu muncul nu ngajadikeun ayana béda di antara dua kelompok, lian ti éta tujuana pikeun niténan jeung nyatet fénoména nu muncul dina variabel terikat salaku akibat tina ayana kontrol jeung manipulasi variabel.

### **3.2.2 Téhnik Ngolah Data**

Téhnik ngolah data mangrupa kagiatan nganalisis jeung ngolah data anu geus kakumpulkeun. Léngkah-léngkah ngolah data nya éta saperti ieu di handap.

a. Méré Skor

Hasil tés tina pratés jeung postés diparikasa terus dibéré skor, anu carana:

1. Pikeun skor tés objéktif :

- Jawaban nu bener dibéré skor 1

- Jawaban nu salah dibéré skor 0
2. Pikeun skor ésény :
- Soal no 1 lamun bener tur lengkep dibéré skor 3, lamun bener tapi teu lengkep dibéré skor 2, lamun teu bener dibéré skor 1, sarta lamun teu diisian dibéré skor 0.
  - Soal no 2 lamun bener dibéré skor 2, lamun teu bener dibéré skor 1, sarta lamun teu diisian dibéré skor 0.

$$\boxed{\text{Skor Total} = \text{Jumlah skor tés objéktif} + \text{jumlah skor ésény}}$$

Hasil pratés jeung postés dipariksa jeung dianalisis anu satulunya ditabulasikeun. Tujuanana pikeun mikanyaho rata-rata nilai siswa, standar déviasi jeung varians tina masing-masing kelompok, sarta mikanyaho data nu kaasup normal jeung homogén ngaliwatan uji normalitas jeung uji homogén pikeun mikanyaho frékuénsi nilai pangajaran aprésiasi sajak.

b. Uji Sifat Data

1) Uji Normalitas

Uji normalitas tujuanana pikeun ngayakinkeun yén kamampuh siswa mibanda distribusi anu normal, salaku sarat anu kudu dicumponan pikeun nguji kamampuh rata-rata, pikeun nangtukeun yén data téh mibanda sifat nu normal atawa teu normal, bisa digunakeun rumus chi kuadrat ( $X^2$ ).

Saméméh ngagunakeun rumus chi kuadrat, léngkah nu kudu dilaksanakeun saperti ieu di handap

- (1) Néangan batas-batas interval
- (2) Ngitung rata-rata jeung standar déviasi kalawan ngagunakeun tabél:

Kelas Interval	$fi$	$xi$	$xi^2$	$fi.xi$	$fi.xi^2$
<b>Jumlah</b>					

- (3) Pikeun néangan rata-rata ngagunakeun rumus

$$\bar{x} = \frac{\sum fi \cdot xi}{\sum fi}$$

- (4) Néangan standar déviasi ngagunakeun rumus

$$Sd = \sqrt{\frac{N \cdot \sum fi \cdot xi^2 - (fi \cdot xi)^2}{N(n-1)}}$$

- (5) Nangtukeun batas daerah kalayan ngagunakeun t tabél z baku.

- (6) Néangan luas daerah nya éta selisih dua batas daerah.

- (7) Nangtukeun frékuensi nu diobsérvasi.

- (8) Nangtukeun chi kuadrat anu rumusna

$$X^2 = \frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$$

- (9) Hasil tina léngkah-léngkah di luhur bisa diasupkeun kana tabél di handap

Kelas	O <sub>i</sub>	b <sub>k</sub>	Z	D	L	E <sub>i</sub>	X <sup>2</sup>
Jumlah							

(10) Nangtukeun normal henteuna distribusi data ngaliwatan kritéria:

$\chi^2 \text{ itung} < \chi^2 \text{ tabel}$  hartina distribusi data normal, tapi

$\chi^2 \text{ itung} > \chi^2 \text{ tabel}$  hartina distribusi data teu normal

## 2) Uji Homogénitas

Uji homogénitas dilakukeun pikeun mikanyaho homogén henteuna variansi sampel tina populasi nu sarua. Pikeun nangtukeun homogén henteuna, nya éta ngaliwatan léngkah-léngkah saperti ieu di handap:

### (1) Nangtukeun variansi kalawan ngagunakeun rumus

$$S^2 = \frac{N \cdot \sum f_i \cdot x_i^2 - \sum (f_i - x_i)^2}{N - (n - 1)}$$

### (2) Hasil tina variansi diasupkeun kana distribusi F kalawan ngagunakeun rumus

$$F = \frac{S^2 b}{S^2 k}$$

### (3) Nangtukeun derajat kebebasan

$$D_b = n - 1$$

### (4) Nangtukeun homogén henteuna data dumasar kana kritéria

$F \text{ itung} < F \text{ tabel}$  variansi sampel homogén,  $S^2 b = S^2 k$ , tapi upama

$F_{itung} > F_{tabel}$  hartina data teu homogén

### 3) Uji Hipotésis

Dina nguji hipotésis, kudu ngaliwatan léngkah-léngkah saperti ieu di handap:

(1) Néangan bédha mean tina pratés jeung pascatés kalawan ngagunakeun rumus

$$MD = \frac{\sum d}{N}$$

(2) Néangan déviasi masing-masing subjék (varians)

(3) Néangan jumlah subjék tina dua kelompok

(4) Ngabuktikeun hipotésis, kalawan maké rumus

$$t = \frac{|x_1 - x_2|}{\sqrt{\frac{S_1^2}{N_1} + \frac{S_2^2}{N_2}}}$$

Keterangan :

$X_1$  = nilai rata-rata kelompok ékspérimén

$X_2$  = nilai rata-rata kelompok kontrol

$N_1$  = jumlah anggota sampel kelompok ékspérimén

$N_2$  = jumlah anggota sampel kelompok kontrol

$S_1^2$  = varians sampel kelompok ékspérimén

$S_2^2$  = varians kelompok kontrol

(5) Nangtukeun derajat kebébasan kalawan rumusna :

$$dK = N_1 + N_2 - 2$$

(6) Nangtukeun t tina tabél salaku t tabél dina  $\alpha = 0,01$

(7) Ngabandingkeun harga t itung jeung t tabél sarta nangtukeun kritéria pengujian uji-t kalawan tingkat kepercayaan 99% (@0,01)

Lamun  $t_{itung} < t_{tabél}$ , hartina H<sub>0</sub> ditarima, H<sub>1</sub> ditolak

Lamun  $t_{itung} > t_{tabél}$ , hartina H<sub>0</sub> ditolak, H<sub>1</sub> ditarima.

### **3.3 Populasi jeung Sampel**

#### **3.3.1 Populasi**

Nurutkeun Arikunto (2006: 130) populasi nya éta sakabéh subjék dina panalungtikan.

Populasi dina ieu panalungtikan nya éta sajumlahing kamampuh ngaprésiasi karya sajak siswa kelas VIII SMP Negeri 1 Bandung taun pelajaran 2007/2008, nu jumlahna 10 kelas.

#### **3.3.2 Sampel**

Sampel nya éta sabagian atawa wawakil populasi anu rék ditalungtik. Ku kituna, ieu panalungtikan ngagunakeun sampel random, nya éta digunakeun pikeun nangtukeun jumlah siswa kelas VIII SMP Negeri 1 Bandung nu dijadikeun subjék. Cara random dina panalungtikan ieu ku cara nyieun gulungan kertas (undian) anu di jerona ditulisan kelas VIII-1 nepi VIII-10. Jumlah undianna 10, saterusna dikocok dua kali nepi ka kaluar dua kertas. Kocokan kahiji pikeun meunang kelompok kelas kontrol sarta kocokan kadua pikeun nangtukeun kelas ékspérimén nu ahirna jadi sampel panalungtikan. Hasilna nya éta sakabéh siswa

kelas VIII-1 anu jumlahna 40 siswa jadi kelompok kelas kontrol, jeung kelas VIII-2 nu jumlahna 40 siswa jadi kelas ékspérimén.

### 3.4 Instrumén Panalungtikan

Arikunto (2002: 138) nétélakeun yén instrumén panalungtikan téh nya éta alat atawa pasilitas anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data sangkan pagawéan leuwih gampang jeung hasilna leuwih hadé, dina harti leuwih taliti, lengkep jeung sistematis nepi ka datana leuwih gampang diolah.

Instrumén anu dipaké panalungtikan nya éta ngagunakeun tés. Tés eusina ngeunaan rupa-rupa patalékan nu digunakeun pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh, intelegrasi, kamampuh atawa bakat nu dipiboga ku individu atawa kelompok (Suyatna, 2002 :23).

Pikeun ngukur kaépéktipan modél *Cooperative Script* dina pangajaran ngaprésiasi sajak dilakukeun dua kali tés nya éta pratés jeung postés. Dina pratés siswa ngaprésiasi sajak ku cara ngajawab patalékan-patalékan anu aya hubunganana jeung aprésiasi sajak tanpa dibéré heula matéri pangajaran ngaprésiasi sajak ngagunakeun modél *Cooperative Script*, dipeunteun mikanyaho skor awal. Nu mangrupa postés nya éta siswa ngaprésiasi sajak sabada dibéré treatment ngunaan pangajaran ngaprésiasi sajak ngagunakeun modél *Cooperative Script*.

Instrumén atawa alat nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta,

- Tés.** Tés nu digunakeun nya éta jenis pilihan objéktif nu mangrupa soal ngajodokeun jeung wangun éséy. Jumlah tés objéktif dina wangun soal

ngajodokeun aya 15 jeung ésey jumlahna 2 soal. Anu dipeunteun tina té ieu nya éta kamampuh maham kana aprésiasi sajak.

2. **Téks Sajak.** Téks sajak nu digunakeun nya éta sajak anu judulna “Lalaki nu Balik Jurit” karya Rachmat M. Sas Karana.
3. **Obsérvasi**, instrumén anu digunakeun nya éta pedoman obsérvasi

#### **LEMBAR OBSERVASI KAGIATAN DIAJAR NAGAJAR**

Mata Pelajaran : Bahasa Sunda

Standar Kompetensi : Mampu membaca, memahami, dan menanggapi berbagai wacana puisi sawer, cerita wawacan, sajak, dan karangan argumentasi.

Kelas : VIII

Poé/tanggal :

Observer/Pengamat :

No	Aktivitas Diajar	Keterangan		Catetan
		Aya	Teu aya	
1.	Siswa merhatikeun sarta ngaregepkeun guru			
2.	Guru ngabagi siswa jadi 20 kelompok anu masing-masing kelompokna dua urang siswa.			
3.	Guru ngabagikeun téks matéri anu rék ditepikeun ka ungal kelompok.			

4.	Guru nangtukeun saha nu jadi panyatur jeung saha nu jadi pangregep dina unggal kelompokna.			
5.	Siswa nu jadi panyatur ngabacakeun tur ngembangkeun ide-ide tina téks nu dibagikeun babarengan jeung kelompok pasanganana			
6.	Siswa ngarti kana paréntah jeung penjelasan guru			
7.	Siswa migawé pancén téks kamampuh ngaprésiasi sajak nu dibéré ku guru			
8.	Siswa jeung guru nyieun kacindekan tina matéri nu dipelajari.			

Obsever / pengamat

### 3.5 Analisis Butir Soal Tés Objéktif

Analisis butir soal atawa analisis item nya éta kajian patalékan-patalékan tés sangkan meunang patalékan anu mibanda kualitas anu alus. Analisis tés kawilang penting pikeun meunangkeun gambaran anu jelas jeung nyata ngeunaan mutu (kualitas) layak henteuna alat penilaian.

### 3.5.1 Uji Validitas Butir Soal

Hiji tés disebut valid lamun tés éta ngukur naon nu rék diukur. Pengujian validitas butir soal dilaksanakeun kalawan ngagunakeun rumus korélasii product momen kalayan angka kasar numutkeun pearson, nya éta ku cara néangan korélasii antara skor item jeung skor total. Rumus korélasii product momen kalayan angka kasar saperti ieu di handap:

$$r_{xy} = \frac{N \sum XY - (\sum X)(\sum Y)}{\sqrt{\{N \sum X^2 - (\sum X)^2\} \{N \sum Y^2 - (\sum Y)^2\}}}$$

(Arikunto, 2006: 72)

Keterangan:

$r_{xy}$  = koéfisién antara variabel x jeung y, dua variabel anu dikorélasikeun

N = jumlah siswa uji coba

X = skor tiap soal pikeun unggal siswa uji coba

Y = skor total unggal siswa uji coba

Sangkan nyaho valid atawa henteu hiji soal, ku kituna nilai  $r_{xy}$  atawa r itung dibandingkeun jeung nilai r tabél. Nilai r tabél pikeun jumlah siswa uji coba 38 sarta tingkat kapercayaan 99% nya éta 0,41.

## Tabel 3.1

### **SKOR UJI COBA INSTRUMEN**

<b>I</b>	<b>2</b>	<b>3</b>	<b>4</b>	<b>5</b>	<b>6</b>	<b>7</b>	<b>8</b>	<b>9</b>	<b>10</b>	<b>11</b>	<b>12</b>	<b>13</b>	<b>14</b>	<b>15</b>	<b>16</b>	<b>17</b>	<b>18</b>	
26	1	1	1	1	0	1	1	1	1	0	1	1	1	1	1	0	12	144
27	1	0	1	1	0	0	1	1	0	0	1	0	1	1	0	8	64	
28	1	0	1	1	0	0	1	1	0	0	1	0	1	0	0	7	49	
29	0	0	1	1	0	0	1	1	0	0	1	1	1	0	0	7	49	
30	0	0	0	1	0	0	1	1	0	0	1	1	0	0	0	6	36	
31	1	0	1	1	0	0	1	1	1	0	1	1	0	0	0	8	64	
32	1	0	1	0	1	0	1	0	1	0	1	1	1	1	1	9	81	
33	1	0	1	1	1	0	1	1	1	0	1	1	1	1	0	11	121	
34	1	1	0	0	1	0	1	1	1	0	1	1	0	0	0	8	64	
35	0	1	1	0	1	0	1	1	0	0	1	1	0	0	0	7	49	
36	1	0	1	0	1	0	1	1	0	0	1	1	0	0	0	7	49	
37	0	0	0	0	1	0	1	0	0	0	0	0	0	0	0	2	4	
38	1	0	1	1	0	1	1	1	1	1	1	1	1	0	1	12	144	
<b>jml</b>	<b>30</b>	<b>11</b>	<b>34</b>	<b>29</b>	<b>23</b>	<b>7</b>	<b>32</b>	<b>35</b>	<b>10</b>	<b>11</b>	<b>34</b>	<b>15</b>	<b>23</b>	<b>22</b>	<b>13</b>	<b>329</b>	<b>3127</b>	



**Tabel 3.2 ANALISIS VALIDITAS BUTIR SOAL**

$$\Sigma Y = 329$$

$$(\Sigma Y)^2 = 108241$$

$$\Sigma Y^2 = 3127$$

$$N \Sigma Y^2 - (\Sigma Y)^2 = 10585$$

No. Soal	$\Sigma x$	$\Sigma x^2$	$(\Sigma x)^2$	$\Sigma XY$	$N \cdot \Sigma XY$	$\Sigma X \cdot \Sigma Y$	$N \cdot \Sigma XY$ - $\Sigma X \cdot \Sigma Y$	$N \Sigma x^2$	$N \cdot \Sigma x^2 - (\Sigma x)^2$	$\sqrt{N \Sigma X^2 - (\Sigma X)^2 \{ N \Sigma Y^2 - (\Sigma Y)^2 \}}$	$r_{xy}$	Ket
1	30	30	900	279	10602	9870	732	1140	240	1593.86	0.46	Valid
2	11	11	121	119	4522	3619	903	418	297	1773.06	0.51	Valid
3	34	34	1156	304	11552	11186	366	1292	136	1199.82	0.31	Invalid
4	29	29	841	273	10374	9541	833	1102	261	1662.13	0.50	Valid
5	23	23	529	215	8170	7567	603	874	345	1910.97	0.32	Invalid
6	7	7	49	73	2774	2303	471	266	217	1515.57	0.31	Invalid
7	32	32	1024	291	11058	10528	530	1216	192	1425.59	0.37	Invalid
8	35	35	1225	316	12008	11515	493	1330	105	1054.24	0.47	Valid
9	9	9	81	100	3800	2961	839	342	261	1662.13	0.50	Valid
10	11	11	121	118	4484	3619	865	418	297	1773.06	0.49	Valid
11	34	34	1156	308	11704	11186	518	1292	136	1199.81	0.43	Valid
12	15	15	225	142	5396	4935	461	570	345	1910.97	0.24	Invalid
13	23	23	529	226	8588	7567	1021	874	345	1910.97	0.53	Valid
14	22	22	484	219	8322	7238	1084	836	352	1930.26	0.56	Valid
15	13	13	169	147	5586	4277	1309	494	325	1854.76	0.70	Valid

Dumasar kana hasil itungan uji validitas di luhur, tina 15 soal anu diujikeun aya 10 soal anu kaasup valid jeung 5 soal anu teu valid. Tina 5 soal anu teu valid éta, saterusna dirévisi terus diujikeun deui ka kelas XI-3.

### 3.5.2 Uji Reliabilitas Soal

Reliabilitas numutkeun Sutrisno Hadi (1979: 51) nya éta *ketetapan atau keajegan alat tersebut dalam mengukur apa yang diukurnya, artinya kapanpun alat ukur tersebut digunakan akan memberikan hasil ukur yang sama.*

Reliabilitas nunjukkeun yén hiji instrumén bisa dipercaya pikeun digunakeun salaku alat ngumpulkeun data sabab instrumén éta alus jeung bisa méré hasil nu tetep.

Pikeun néangan reliabilitas ngagunakeun métode belah dua (pembelahan ganjil-genap). Rumus anu digunakeun nya éta rumus Spearman-Brown, nya éta :

$$r_{11} = \frac{2r^{1/2}}{[1 + r^{1/2}]}$$

(Arikunto, 2006:93)

Ket :  $r_{11}$  = koéfisién reliabilitas anu geus disaluyukeun

$r^{1/2}$  = korélași antara skor-skor dina unggal beulahan té

Tabél 3.3

Klasifikasi Nilai Reliabilitas

Nilai $r_{11}$	Keterangan
0,000-0,200	Sangat Rendah
0,201-0,400	Rendah
0,401-0,600	Cukup
0,601-0,800	Tinggi
0,801-1,000	Sangat Tinggi

**Tabel 3.4**  
**Analisis Reliabilitas Soal**

No Urut Siswa	Skor Ganjil (X)	Skor Genap (Y)	Skor Total	X <sup>2</sup>	Y <sup>2</sup>	XY
1	2	3	4	5	6	7
1	8	5	13	64	25	40
2	4	3	7	16	9	12
3	7	3	10	49	9	21
4	4	4	8	16	16	16
5	7	5	12	49	25	35
6	5	4	9	25	16	20
7	4	5	9	16	25	20
8	5	3	8	25	9	15
9	6	3	9	36	9	18
10	7	5	12	49	25	35
11	5	4	9	25	16	20
12	4	3	7	16	9	12
13	2	0	2	4	0	0
14	5	5	10	25	25	25
15	3	1	4	9	1	3
16	4	3	7	16	9	12
17	7	5	12	49	25	35
18	6	3	9	36	9	18
19	6	3	9	36	9	18
20	6	6	12	36	36	36
21	5	3	8	25	9	15
22	6	3	9	36	9	18
23	7	6	13	49	36	42
24	7	5	12	49	25	35
25	3	2	5	9	4	6
26	6	6	12	36	36	36
27	5	3	8	25	9	15
28	5	2	7	25	4	10
29	4	3	7	16	9	12
30	2	4	6	4	16	8
31	5	3	8	25	9	15
32	8	1	9	64	1	8
33	8	3	11	64	9	24

<b>1</b>	<b>2</b>	<b>3</b>	<b>4</b>	<b>5</b>	<b>6</b>	<b>7</b>
34	5	3	8	25	9	15
35	4	3	7	16	9	12
36	5	2	7	25	4	10
37	2	0	2	4	0	0
38	7	5	12	49	25	35
<b>Jumlah</b>	<b>199</b>	<b>133</b>	<b>329</b>	<b>1587</b>	<b>530</b>	<b>727</b>

Angka-angka tina tabél di luhur didistribusikeun ka rumus di handap ieu :

$$\begin{aligned}
 r_{xy} &= \frac{N \sum XY - (\sum X)(\sum Y)}{\sqrt{\{N \sum X^2 - (\sum X)^2\} \{N \sum Y^2 - (\sum Y)^2\}}} \\
 &= \frac{38.727 - (199)(133)}{\sqrt{\{38.1587 - (199)^2\} \{38.530 - (133)^2\}}} \\
 r_{xy} &= \frac{27626 - 26467}{\sqrt{\{60306 - 39601\} \{20140 - 17689\}}} \\
 r_{xy} &= \frac{1159}{\sqrt{2705.2451}} \\
 r_{xy} &= \frac{1159}{2574.87} \\
 &= 0.45
 \end{aligned}$$

Ngitung indéks reliabilitas ngagunakeun rumus *Spearman-Brown*, nya éta:

$$r_{11} = \frac{2r^{1/2} \cdot \frac{1}{2}}{[1 + r^{1/2} \cdot \frac{1}{2}]}$$

$$r_{11} = \frac{2 \times 0,45}{[1 + 0,45]}$$

$$r_{11} = \frac{0,9}{1,45}$$

$$r_{11} = 0,62$$

Tina hasil analisis di luhur, katingali yén koefisién reliabilitas instrumén ieu nya éta 0,62. Dumasar kana klasifikasi koefisién reliabilitas, instrumén ieu

mibanda tingkat reliabilitas anu luhur. Hartina instrumén ieu bisa dijadikeun instrumén panalungtikan.

### 3.5.3 Uji Kesukaran (P)

Soal anu alus nya éta soal anu teu hésé teuing atawa anu babari pisan. Soal anu babari teu bisa méré stimulus ka siswa pikeun néangan jawabanna. Soal anu hésé pisan bakal ngajadikeun siswa punggas harepan dina néangan jawabanna.

Angka anu nunjukkeun hésé atawa henteuna soal disebut indéks kesukaran (difficulty index). Gedéna indéks kesukaran antara 0,00 nepi ka 1,0. Indéks kesukaran ieu nunjukkeun taraf kesukaran soal. Soal anu indéksna 0,0 nunjukkeun yén soal éta hésé teuing, sabalikna lamun indéksna 1,0 nunjukkeun yén soal éta babari pisan.

Dina istilah évaluasi, indéks kesukaran ieu dibéré simbol P singgetan tina “proporsi”. Rumus néangan P nya éta:

$$P = \frac{B}{Js}$$

Keterangan :

P = tingkat kesukaran

B = jumlah siswa anu ngajawab bener dina soal éta

Js = jumlah siswa anu ngiluan té

**Tabél 3.5**  
**Klasifikasi Indéks Kesukaran**

Indéks Kesukaran	Keterangan
0,01-0,30	Hésé
0,30-0,70	Sedeng
0,70-1,00	Babari

Sumber : Suharsimi Arikunto (2002: 208-210)

**Tabél 3.6**  
**Analisis Tingkat Kesukaran Soal**

No Soal	B	Js	Indéks Tingkat Kesukaran (P)	Katerngan
1	30	38	0.79	Babari
2	11	38	0.29	Hésé
3	34	38	0.89	Babari
4	29	38	0.76	Babari
5	23	38	0.60	Sedeng
6	7	38	0.18	Hésé
7	32	38	0.84	Babari
8	35	38	0.92	Babari
9	10	38	0.26	Hésé
10	11	38	0.29	Hésé
11	34	38	0.90	Babari
12	15	38	0.39	Sedeng
13	23	38	0.60	Sedeng
14	22	38	0.58	Sedeng
15	13	38	0.34	Sedeng

Dumasar kana hasil ngitung di luhur kapanggih tina 15 soal aya 6 soal anu kaasup babari, 5 soal sedeng jeung 4 soal anu hésé.

#### 3.5.4 Uji Daya Pangbéda

Daya pangbéda soal nya éta kamampuh soal pikeun ngabédakeun antara siswa anu pinter jeung siswa anu bodo.

Angka anu nunjukkeun daya pembeda disebut indéks diskriminasi (D) anu rumusna :

$$D = \frac{BA}{JA} - \frac{BB}{JB} = PA - PB$$

Keterangan :

J = jumlah peserta tés

JA = lobana peserta kelompok luhur

JB = lobana peserta kelompok handap

BA = lobana peserta kelompok handap anu ngajawab bener

BB = lobana peserta kelompok luhur anu ngajawab bener

PA = proporsi peserta kelompok luhur anu ngajawab bener

PB = proporsi peserta kelompok handap anu ngajawab bener.

**Tabéł 3.7**

**Klasifikasi Daya Pembéda**

Nilai D	Keterangan
0,00-0,20	Goréng
0,20-0,40	Cukup
0,40-0,70	Alus
0,70-1,00	Alus Pisan

Sumber : Arikunto (2006: 210)

**Tabéł 3.8**

**Analisis Daya Pangbéda Soal**

**Jumlah Kelompok Luhur / Handap : 19**

**Jumlah Subyék : 38**

No Soal	BA	BB	BA-BB	Daya Pembéda	Keterangan
I	2	3	4	5	6
1	24	6	18	0.95	Alus Pisan
2	10	1	9	0.47	Alus
3	24	10	14	0.74	Alus Pisan

<b>1</b>	<b>2</b>	<b>3</b>	<b>4</b>	<b>5</b>	<b>6</b>
4	22	7	15	0.79	Alus Pisan
5	18	5	13	0.68	Alus
6	7	0	7	0.37	Cukup
7	24	8	16	0.84	Alus Pisan
8	25	10	15	0.79	Alus Pisan
9	10	0	10	0.53	Alus
10	9	2	7	0.37	Cukup
11	26	8	18	0.95	Alus Pisan
12	11	4	7	0.37	Cukup
13	19	4	15	0.79	Alus Pisan
14	20	2	28	0.95	Alus Pisan
15	13	0	13	0.69	Alus

Dumasar kana hasil ngitung di luhur, tina 15 soal, aya 8 soal anu kaasup daya pangbéda alus pisan, 4 soal daya pangbédana alus, sarta 3 soal daya pangbédana cukup.

### **3.6 Léngkah-léngkah Garapan**

#### **3.6.1 Léngkah Tatahar**

- a) nangtukeun judul panalungtikan;
- b) nyusun rarancang panalungtikan, ku cara nyusun proposal panalungtikan;
- c) konsultasi ka pangaping.

#### **3.6.2 Léngkah Ngumpulkeun Data**

Anu jadi data dina ieu panalungtikan nya éta siswa Kelas VIII SMP Negeri 1 Bandung. Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta

pretés jeung postés anu dibikeun ka siswa anu jadi sampel panalungtikan. Pratés dibikeun ka siswa pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina ngaprésiasi sajak saacan ngagunakeun modél pangajaran *Cooperative Script*, sedengkeun postés dibikeun ka siswa sabada ngagunakeun modél pangajaran *Cooperative Script*.

### **3.6.3 Léngkah Ngolah Data**

Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan nya éta data anu geus dikumpulkeun diolah pikeun néangan jawaban-jawaban anu jadi masalah dina ieu panalungtikan. Data dina ieu panalungtikan nya éta data hasil tina té siswa nu kabagi dua nya éta, pratés jeung postés anu nangtukeun kana hasil ahir hipotésis.

### **3.6.4 Léngkah Nyusun Laporan**

Léngkah ieu mangrupa léngkah pamungkas. Sanggeus sakabéh data diolah jeunmg dianalisis, saterusna disusun laporan anu mangrupa skripsi. Laporanna disusun secara sistematis.